



# OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

## Help Center

### Plede pou yon Refi oswa yon Rediksyon sou Sanksyon nan "enterè Lajistis"

**Kisa lalwa di:** Anba Iwa NYC, lè yon moun "vyole" yon Iwa, règ oswa règleman NYC, sanksyon ki adapte ak vyolasyon sila a toujou fèt anba lalwa. Sepandan, nan kèk sitiayson, yon moun kapab plede pou yon rediksyon sou sanksyon an, nan

"enterè lajistis, " menm si yo te jwenn moun lan ap "vyole" Iwa, règ oswa règleman NYC yo akize li an.

Anba Iwa NYC an, lè yo prezante li ansanm ak yon "Pledwaye enterè lajistis, " yon Ofisyè Odyans kapab deside asepte pledwaye a si li (1) kwè yon sanksyon ki redwi apopriye **dapre youn oswa plis konsiderasyon oswa sikoranski** (2) "demontre aklè" enpoze yon sanksyon ki konplè "kapab mennen nan fè enjistik." **Sonje:** Menm si ou rekonèt yon akizasyon, yon Ofisyè Odyans kapab konsidere si sanksyon Iwa a bay la apwopriye.

**Kilè Pledwaye a kapab fèt:** Pledwaye "Enterè Lajistis la" limite sèlman ak ka sila ki pi ba yo:

1. Nan ka kote Sèvis Kominotè se yon sanksyon potansyèl,
2. Nan majorite, men pa tout, sitiayson Komisyon Taksi ak Limouzin nan (Taxi and Limousine Commission, TLC).

**Nan Ka "Sèvis kominotè" yo:** Nan ka kote Sèvis Kominotè se yon sanksyon potansyèl, ou genyen opsyon pou plede pou yon refi pou manda yo nan "enterè lajistis."

**Nan kèk ka TLC:** Ou genyen opsyon pou ou plede pou yon rediksyon sou sanksyon an nan "enterè lajistis."

**Kijan pou diskite sou "Enterè Lajistis" La:** Ou kapab kòmanse pledwaye an ansanm ak Ofisyè Odyans lan nan odyans ou an. Lè yo prezante pledwaye a devan li nan yon ka ki byen apopriye, Ofisyè Odyans lan pral konsidere faktè sa yo nan desizyon li pou asepte pledwaye a:

- Nan ki nivo vyolasyon yo konstate yo grav ak sikoranski fè yo fèt yo.
- Nan ki nivo dega vyolasyon yo konstate yo te rive.
- Nan ki nivo vyolasyon yo akize yo grav ak sikoranski fè yo fèt yo.
- Istwa, pèsonalite ak kondisyon moun sa a yo te akize ki fè vyolasyon yo konstate a(yo).
- Objektif ak efè bay sanksyon an genyen sou moun yo akize ki fè vyolasyon yo konstate a.;
- Enpak yon refi oswa yon rediksyon sou yon sanksyon genyen sou sekirite oswa byennèt kominote an.
- Enpak yon refi oswa yon rediksyon sou yon sanksyon genyen sou konfyans piblik la nan ajans ki te sòti manda yo (pou ka TLC yo), nan sistèm tribunal la epi nan aplikasyon Iwa yo;
- Pozisyon ajans lan (NYPD, TLC, elatriye) ki te sòti manda yo sou yon refi oswa yon rediksyon amann pwopoze, ki refere ak (1) sikoranski espesifik Defandè an ak (2) vyolasyon yo konstate an.
- Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan tankou yon desizyon pou enpoze sanksyon yo bay nan manda a (pou ka TLC yo) oswa desizyon pou kenbe vyolasyon ki konstate an ap ta kapab sèvi nan yon objektif ki enpòtan.

**Remak:** Si ou benefisyè yon rediksyon sanksyon oswa yon refi nan "Enterè Lajistis" sa pa vle di pwoblèm lan rezoud. Si ka pa ou an se yon ka kote sèvis kominotè se yon sanksyon potansyèl, ajans NYC ki te sòti manda yo genyen 35 jou sòti nan dat desizyon Ofisyè Odyans lan te pran pou fè apèl pou yon refi nan "Enterè Lajistis." Si ka pa ou an se yon ka TLC, TLC genyen 20 jou pou li konfime rediksyon sanksyon nan "Enterè Lajistis" la, oswa ogmante nivo sanksyon an rive nan kantite "amann minimòm" ki afiche devan manda yo.

**Remak:** Nan yon ka apopriye kote ou genyen dwa pou vini ak pledwaye :Enterè Lajistis la", si ou pa vini ak li, toutfwa, Ofisyè Odyans lan kapab konsidere li.

**Pou plis Asistans, tanpri kontakte Sant Asistans OATH an an Pèsòn nan nenpòt sit OATH, sòti nan Lendi rive nan Vandredi, sòti nan 8am rive 5pm, nan nimewo Telefòn sa (212) 436-0845, oswa nan mesaj imèl sa a [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov)**